# Psa

## Chapter 81

### Javanese Interlinear

Reference: Javanese Bible (SABDA)

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| לֵאלֹהִים | הַרְנִינוּ | לְאָסָף׃ | הַגִּתִּית | עַל־ | לַמְנַצֵּחַ | 1 |
| dhumateng–Gusti-Allah | Surak-surakna | Asaf | Gitit | ing– | Kanggé–pangarsaning | |
| H0430 | | H0623 | H1665 | | H5329 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| יַעֲקֹב׃ | לֵאלֹהֵי | הָרִיעוּ | עוּזֵּנוּ |
| Yakub | dhumateng–Gusti-Allahipun | Giyakna | kakiyatan-kita |
| H3290 | H0430 | H7321 | H5797 |

> Kanggo lurah pasindhen. Miturut lagu: Gitit. Anggitane Asaf. (81-2) Padha surak-suraka kagem Gusti Allah, kang dadi kasantosan kita, padha surak-suraka kagem Gusti Allahe Rama Yakub.

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| נָבֶל׃ | עִם־ | נָעִים | כִּנּוֹר | תֹּף | וּתְנוּ־ | זִמְרָה | שְׂאוּ־ | 2 |
| gambus | kaliyan | ingkang–éca | clempung | rebana | lan–peparingna | kidung | Angkaten | |
| | | | H3658 | H8596 | H5414 | H2172 | H5375 | |

> (81-3) Padha ngidunga karo trebangan lan clempungan, kang laras binarung swaraning slukat.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| חַגֵּנוּ׃ | לְיוֹם | בַּכֵּסֶה | שׁוֹפָר | בַחֹדֶשׁ | תִּקְעוּ | 3 |
| riaya-kita | kanggé–dinten | ing–wulan-purnama | kalasangka | ing–wulan-énggal | Tiupna | |
| H2282 | H3117 | H3677 | H7782 | H2320 | H8628 | |

> (81-4) Ngunekna kalasangka ing tanggal sapisan, ing tanggal purnama ing dina riyaya kita.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| יַעֲקֹב׃ | לֵאלֹהֵי | מִשְׁפָּט | הוּא | לְיִשְׂרָאֵל | חֹק | כִּי | 4 |
| Yakub | kanggé–Gusti-Allahipun | angger-angger | punika | kanggé–Israèl | pranatan | Amargi | |
| H3290 | H0430 | H4941 | H1931 | H3478 | H2706 | | |

> (81-5) Amarga bab iku dadi pranatan tumrap bangsa Israel, sarta dadi angger-angger saka Gusti Allahe Rama Yakub.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| מִצְרָיִם | אֶרֶץ | עַל־ | בְּצֵאתוֹ | שָׂמוֹ | בִּיהוֹסֵף | עֵדוּת | 5 |
| Mesir | tanah | saking | nalika–medal-ipun | Panjenenganipun–netepaken | ing–Yusuf | Paseksi | |
| H4714 | H0776 | | H3318 | | H3084 | H5715 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| אֶשְׁמָע׃ | יָדַעְתִּי | לֹא־ | שְׂפַת |
| kula–mireng | kula–mangertos | mboten | basa |
| H8085 | H3045 | H3808 | H8193 |

> (81-6) Kang pinacak dadi pepakon marang Rama Yusuf, nalika Gusti Allah miyos nglurugi tanah Mesir. Aku krungu bangsa kang aku durung tau weruh.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| תַּעֲבֹרְנָה׃ | מִדּוּד | כַּפָּיו | שִׁכְמוֹ | מִסֵּבֶל | הֲסִירוֹתִי | 6 |
| késah | saking–kranjang | astanipun | pamikulipun | saking–momotan | Kula–nyingkiraken | |
| | H1731 | H3709 | H7926 | H5447 | H5493 | |

> (81-7) “Pundhake wus Sunuwalake saka anggone memikul, sarta tangane saka ing kranjanging pikulan;

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| בְּסֵתֶר | אֶעֶנְךָ | וָאֲחַלְּצֶךָּ | קָרָאתָ | בַּצָּרָה | 7 |
| ing–pasingidan | Kula–wangsul | lan–Kula–ngluwari | panjenengan–sesambat | Ing–kasusahan | |
| | | | H7121 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| סֶלָה׃ | מְרִיבָה | מֵי | עַל־ | אֶבְחָנְךָ | רַעַם |
| Séla | Mériba | toya | ing | Kula–nguji-panjenengan | gludhug |
| H5542 | H4809 | H4325 | | H0974 | H7482 |

(81-8) sajroning karubedan sira padha sesambat, Ingsun banjur ngentasake sira, Ingsun nyembadani panyuwunira saka ing pasingidaning gludhug, Ingsun wus nyoba marang sira ana ing sacedhake banyu Meriba. (Selah)

| אִם־ | יִשְׂרָאֵל | בָּךְ | וְאָעִידָה | עַמִּי | שְׁמַע | 8 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| menawi | Israèl | dhumateng–panjenengan | lan–Kula–badhé–mratélakaké | umat-Ku | Mirengna | |
| | H3478 | | | | H8085 | |

| לִי׃ | תִּשְׁמַע־ |
|---|---|
| dhumateng-Ku | panjenengan–mirengaken |
| | H8085 |

(81-9) He para umatingSun padha ngrungokna, Ingsun arsa paring pepenget marang sira; he Israel, manawa sira gelem ngrungokake marang dhawuhingSun.

| וְלֹא | זָר | אֵל | בְךָ | יִהְיֶה | לֹא־ | 9 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| lan–mboten | manca | allah | ing–antawisipun–panjenengan | badhé–wonten | Mboten | |
| H3808 | | H0410 | | H1961 | H3808 | |

| נֵכָר׃ | לְאֵל | תִשְׁתַּחֲוֶה |
|---|---|---|
| manca | dhumateng–allah | panjenengan–badhé–sujud |
| H5236 | H0410 | H7812 |

(81-10) Ing tengahira aja ana allah liyane, sira aja sujud marang allah ngamanca.

| מֵאֶרֶץ | הַמַּעַלְךָ | אֱלֹהֶיךָ | יְהוָה | אָנֹכִי | 10 |
|---|---|---|---|---|---|
| saking–tanah | ingkang–ngirid–panjenengan | Gusti-Allah-ipun–panjenengan | Yéhuwah | Kula | |
| H0776 | H5927 | H0430 | H3068 | H0595 | |

| וַאֲמַלְאֵהוּ׃ | פִּיךָ | הַרְחֶב־ | מִצְרָיִם |
|---|---|---|---|
| lan–Kula–badhé–mènèhi | tutuk-ipun–panjenengan | Bikakna | Mesir |
| H4390 | H6310 | H7337 | H4714 |

(81-11) Iya Ingsun iki Yehuwah Allahira, kang ngluwari sira saka ing tanah Mesir, cangkemira angapna kang amba, nuli bakal Sunkebaki.

| אָבָה | לֹא־ | וְיִשְׂרָאֵל | לְקוֹלִי | עַמִּי | שָׁמַע | וְלֹא־ | 11 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| kersa | mboten | lan–Israèl | dhumateng–swanten-Ku | umat-Ku | mirengaken | Nanging–mboten | |
| H0014 | H3808 | H3478 | | | H8085 | H3808 | |

| לִי׃ |
|---|
| dhumateng-Ku |

(81-12) Nanging umatingSun ora ngrungokake marang swaraningSun, sarta Israel ora seneng marang Ingsun.

| יֵלְכוּ | לִבָּם | בִּשְׁרִירוּת | וָאֲשַׁלְּחֵהוּ | 12 |
|---|---|---|---|---|
| Tiyang-tiyang-punika–mlampah | manahipun | ing–wangkoting | Mila–Kula–negakaké | |
| H3212 | | H8307 | H7971 | |

| בְּמוֹעֲצוֹתֵיהֶם׃ |
|---|
| ing–rancangan-ipun–piyambak |
| H4156 |

(81-13) Mulane banjur Suntogake atine kang wangkot iku, cikben padha nglakoni sakarepe dhewe.

| יְהַלֵּכוּ׃ | בִּדְרָכַי | יִשְׂרָאֵל | לִי | שֹׁמֵעַ | עַמִּי | לוּ | 13 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| mlampah | ing–margi-Ku | Israèl | dhumateng-Ku | mirengaken | umat-Ku | Menawi–kemawon | |
| H1980 | H1870 | H3478 | | H8085 | | H3863 | |

(81-14) Ah, saupama umatingSun ngrungokake marang dhawuhingSun, saupama Israel ngambah ing dalan pitedahingSun.

14
כִּמְעַט Énggal H4592
אוֹיְבֵיהֶם mengsah-ipun H0341
אַכְנִיעַ Kula–badhé–nelukaken H3665
וְעַל lan–ing
צָרֵיהֶם tiyang–ingkang–nyiksa-ipun
אָשִׁיב Kula–badhé–wangsulaken H7725
יָדִי׃ asta-Ku H3027

(81-15) Sanalika iku uga mungsuhe mesthi Suntelukake, sarta mungsuhe padha ngrasakake antebing astaningSun.

15
מְשַׂנְאֵי Tiyang–ingkang–sengit–dhumateng H8130
יְהוָה Yéhuwah H3068
יְכַחֲשׁוּ־ badhé–nyembah-nyembah H3584
לוֹ dhumateng–Panjenenganipun
וִיהִי lan–badhé–dados H1961
עִתָּם wekdalipun H6256
לְעוֹלָם׃ kanggé–salaminipun H5769

(81-16) Para wong kang sengit marang Pangeran Yehuwah, bakal nyembah ndilat sampeyane, lan iki wis dadi nasibe ing salawas-lawase.

16
וַיַּאֲכִילֵהוּ Lan–Panjenenganipun–badhé–maringi–nedha H0398
מֵחֵלֶב saking–lemak H2459
חִטָּה gandum H2406
וּמִצּוּר lan–saking–séla–wadas H6697
דְּבַשׁ madu H1706
אַשְׂבִּיעֶךָ׃ Kula–badhé–maregi–panjenengan H7646

(81-17) Nanging umatingSun bakal Sunparingi mangan gandum kang becik dhewe malah bakal padha Sunwaregi kalawan madu saka ing parang.”